# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ИНКЛЮЗИВ ТӘЛИМДИ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**А.Ж.Ешбаев –** *доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** инклюзив таълим, олий таълим, талаба, таълим, спорт, параспорт.
**Ключевые слова:** инклюзивное образование, высшее образование, студент, образование, спорт, параспорт.
**Key words:** inclusive education, higher education, student, education, education, sports, parasport.

**Кирисиў.** Өзбекстанда 2025-жылға шекем кеминде 51% мектепте инклюзив тәлим енгизилиўи мақсет етип койылды. Усы мақсетте мәмлекет тәрепинен 3 жыл даўамында 600 млн. АҚШ доллары муғдарында қаржы ажыратылыўы жобаластырылған. Усы мәселе 2020-2025-жыллары инклюзив тәлимди раўажландырыў Концепциясына тийкарланып орынланады.

Инклюзив тәлим (инглиз тилинен inclusive, inclusion – уйғынласыў, қамрап алыў мәнилерин билдиреди) майып ҳәм саламат балалар ортасындағы тосықларды (дискриминацияны) болдырмаў, арнаўлы тәлимге мүтәж балалар (айырым себеплерге байланыслы майып болған) раўажланыўында ушырайтуғын нуқсанлар яки экономикалық қыйыншылықларға қарамастан социаллық турмысқа ийкемлестириўге бағдарланған улыўма билим бериў процессине қосыўға қаратылған билимлендириў системасы есапланады.

Физикалық имкәнияты шекленген, майыплығы бар балаларды жәмийетлик турмысқа ийкемлестирип барыўда, өмирге қызығыўшылығын арттырыўда спорттың да әҳмийети үлкен. Спорт шынығыўлары бул балаларға өзинде бар физикалық имканиятларды пайдаланыў, реабилитация, жәмийетте өз орнын табыў, ден саўлығын беккемлеў ушын хызмет етиўи мүмкин.

**Тийкарғы бөлим.** Бирлескен Миллетлер Шөлкеми (БМШ) шешимине муўапық "…туўма ямаса турмыс даўамында арттырылған физикалық яки интеллектуал зыянланыў ақыбетинде жумысы, кәсиби яки жәмийет өмирин әмелге асырыў шәраятында саў адамлар кем искерлик көрсете алмайтуғын барлық шахслар…" **майып** ямаса **зыянланған адамлар** деп аталады.

Медицина көзқарасынан, майыплық – бул соматик зыянланыў ямаса функционаллықтың төменлеўин нәзерде тутып, турақлы ямаса ўақтыншалық руўхый, физикалық ямаса анатомиялық функционаллықты жойтыў, кемшилик яки аномалияларға алып келиўи мүмкин.

Солай екен, майыплық функционаллықтың төменлеўи болып, ол инсан ылайық болған шеңбердеги ҳәрекет, сезим ямаса ой менен байланыслы функциялар ушын зәрүр болған хызметлер толық ямаса айырым жойтылыўын нәзерде тутады.

Илимий педагогикалық көзқарастан: майыплық тәлим-тәрбияға сонысы менен тәсир көрсетеди, яғный оған тән өзгешеликлер – жумыс қәбилетиниң төменлеўи, оқыў, үйрениў искерлигиниң бузылыўы өзин-өзи жүзеге шығарыў, индивидуаллықты раўажландырыў, шахс ҳәм социаллықтың раўажланыўын изден шығарады.

Жәмийет турмысындағы қатнасыўы физикалық ямаса руўхый-интеллектуал майыплығы себепли қурамалыласқан адамлар **майып** (зыянланған) есапланады. Көриў, еситиў, сөйлеў, пикирлеў қәбилети, сезимлик, таяныш-ҳәрекет аппараты, инсанның сыртқы көриниси, ишки орган ҳәм системалар искерлигиниң бузылыўы майыплыққа себеп болыўы мүмкин.

Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогика институтында 187 майып студент билим алып атыр, олардан: 14 контракт стипендиясыз ҳәм 21 грант стипендиясыз, қалған 152 студент грант түрде стипендия алады. 2024-2025-оқыў жылында Дене мәденияты факультетинде 6 майып студент (4 студент II-группа, 2 талаба I-группа) билим алып атыр. Оларға институтымызда билим алыўда ҳәмме мүмкиншиликлер жаратылған, басқа студентлер менен биргеликте аудиторияларда теңдей оқыйды, жатақханаларда ең қолайлы орынларда бийпул жасайды. Ижарада (квартирада) жасаўшы студентлердың ижара қәрежетлерин институт өз есабынан толық төлеп береди. 3-декабрь Халық аралық майыплар күни мүнасибети менен институтымызда оқып атырған 187 имканияты шекленген майыплығы болған студент-жасларды базалық стипендияның еки еселеси көлеминде (1 035 760 сўм) қаржы ажыратылды.

Ҳәзирги ўақытта Мектепке шекемги тәлим факультетинде 3 логопед, 4 дефектолог, 3 сурдопедагог, 2 олигофренопедагог қәнигелер өз билимин студентлерге ҳәм басқа майыпларға өз жәрдемин көрсетип атыр:

Өзбекстандағы жаңа билимлендириў системасы оқыўшылардың академиялық саўатлығын асырыў менен бирге олардың күнделикли өмирде ҳәм келешекте керекли болған уқыпларын раўажландырыўға бағдарланған. Ҳәзирги жасларды раўажландырыў системасы – бул олардың еркин пикирлеў, байланыс жасау, ҳәр қыйлы өмирде ушырасатуғын мәселелерди шешиў ҳәм топарда жумыс ислеўге арналған.

Мәмлекетимизде инклюзияның раўажланыўына Өзбекстан Республикасы жоқары билимлендириў, илим ҳәм инновация министрлиги жуўап береди. Ҳәзирги ўақытта билимлендириў мәкемелеринде майыпларға қолайлы имканиятлар жаратыў, ҳәмде арнаўлы қәнигелерди таярлаў мәселелери қойылған. Жумысларды сыпатлы алып барыў ушын жаңадан кадрларды алып келиў ҳәм олардың исин хошаметлеў керек. Мине инклюзия билимлендириўде оқытатуғын класс муғаллимлерине айрықша жағдайда ислеп атырғаны ушын айлығына үстеме төленеди.

Спорт тараўында болса Қарақалпақстан Республикасы бойынша 10-35 жаслар арасындағы 4552 майыплығы болған шахслар дизимге алынған болып, соннан 440 шахс параспорт түрлерине қамтып алынды. Жәми 16 түрли ҳәм усы күнге шекем 170 тренер параспорттан оқытылған. Мәмлекет тәрепинен оларға майыплар менен шуғылланғаны ушын айлығына 30% үстеме төленеди [3].

**Спорт** реабилитацияның (қайта тиклеў жумыслары) зәрүр структуралық бөлими бола алады. Реабилитация қәнигелер топарының майып адамлар сапаларын олар жәмийеттиң ислеп шығарыў, экономикалық, сиясий, материаллық ҳәм шаңарақлық турмысында актив қатнаса алыўы ушын *раўажландырыў, сақлап* қалыў

ҳәм *қайта тиклеў* мақсетинде жүргизетуғын кең көлемли искерлиги болып табылады.

**Майыплар спорты** – майыплар ҳәм созылмалы кеселлиги болған наўқаслар ушын арнаўлы ислеп шығылған спорт ҳәрекетлери жыйындысы болып, спорт искерлиги менен шуғылланатуғын балалар, үлкенлер ҳәм кекселер ушын исленген **клубларда** бос ўақтын өткериў, тиклениў ҳәм жоқары нәтийжелерге ерисиў (паралимпияда ойынлары) мақсетинде қолланылады [1:92].

Жоқары нәтийжелер спорты көзқарасынан майыплар спортының мәнисин түрлише түсиниў мүмкин, мысалы:

*улыўма түсиник:* "арнаўлы бир спорт түринде жеке жоқары нәтийжелерге ерисиў";

*кең мәнисте:* "спорт шынығыўларының ҳәр бири – бул жоқары нәтийжелер спорты болып табылады, себеби бул нәтийжелерге ерисиў ҳәр түрли спорт түрлеринде ҳәм ҳәрекет түрлеринде арнаўлы бирлесетуғын хызметлердиң әҳмийетли структуралық бөлими есапланады";

*тар мәнисте:* "бул инсан өзи ямаса әтирапындағылар ушын рекорд есапланған нәтийжелерге ерисиў мақсетинде бар күши менен шуғылланатуғын жоқары нәтийжелер спорты есапланады".

Майыплар спорты созылмалы кеселликлер менен аўырған наўқаслар, жараланған, майып адамлар шуғылланатуғын спорт болғанлығы себепли майыплар спортының төмендеги түрлери парық етеди:

- майыплар спортының ғалабалық түрлери (ямаса бос ўақыттағы спорт);
- амбулатор реабилитация спорты (ямаса емлейтуғын дене тәрбиясы);
- арнаўлы мектеп ҳәм интернатлардағы мектеп дене тәрбиясы;
- жарысыў спорты;
- жоқары нәтийжелер спорты (миллий, халықаралық ҳәм паралимпия жарысларында қатнасыў ушын шынығыўлар процеси) [2:402].

Майыплар спортының тийкарғы *мақсетлери* дене тәрбиясы ҳәм спорт жәрдеминде майыплар ҳәм созылмалы кеселликлер менен аўырған наўқасларды тәсирлерден қутқарыў ҳәм қайта тиклеўден ибарат. Бунық ақыбетинде:

- жумыс қәбилети асып, оқыў-үйрениў процеси оптималласады;
- ғәрезсизликке ерисиў, әтираптағылар ҳәм үскенелерге ғәрезлиликтен қутылыў мүмкин;
- кәсиплик жумыс қәбилети раўажланады ҳәм жәмийеттеги орны тикленеди;
- өзи ушын жуўапкершилик сезими, жасаўға уқып артады.

Майыплар спортының бағдарларынан бири жоқары нәтийжелер спорты болып табылады (паралимпия). Онда қатнасыў критерилери төмендегилер есапланады:

- спортта қатнаса алмайтуғын, яғный ҳәрекет аппараты искерлиги ҳәм тағы басқалар изден шыққан ҳәрқандай адам қатнасыўы мүмкин; [1:159].
- ең аз зыянланыў (Минимум "Ҳандисап"), яғный спортшының федерациялар тәрепинен белгиленген ең аз дәрежедеги зыянланыў менен қатнасыўына жол қойылады (ол шуғылланыўы мүмкин болған спорт түрлери ҳәм саламатлық жағдайы ҳаққындағы гүўалық бар болса).

2024-жыл 12-декабрь күни Жоқары билим дизиминдеги кадрларды қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў институтында Россия Илимлер академиясы Федерал мәмлекет бюджет мекемелери менен биргеликте Өзбекстан ҳәм Россия жоқары билимлендириўде инклюзив билимниң раўажланыўы тенденциялары) атамасында семинар-тренинг шөлкемлестирилди.

Семинар-тренингти шет ел қәнийгелери тарийх пәнлери докторы Симонова Мария Александровна ҳәмде социология панлери докторы, профессор Пузанова Жанна Васильевналар модератор ретинде алып барды.

Семинар даўамында инклюзив билим, тең билим алыў имканиятын тәмийнлеў, арнаўлы билим көнликпелери ҳәм индивидуал имканиятларын ҳәр-түрлилигин есапқа алған түрде оқытыўды шөлкемлестириў машқалалары додаланды.

Семинар-тренингте Республикамыздың 40 жоқары билимлендириў мекемелериниң 76 баслық ҳәм профессор-оқытыўшы онлайн ҳәм офлайн тәризде қатнасты.

Ҳәзирги күнде тәлим системасы менен байланыслы болған бир қатар машқалалар бар. Бул жағдай инклюзив тәлимде де жүз бермекте. Инклюзив тәлимде актуал машқалалар оқыў имаратлары жетерли дәрежеде техникалық әсбаплар менен тәмийнленбеген:

- Бул тараўдағы қәнийгелердиң жетиспеўшилиги;
- Өзгешеликлери бар балаларға жәмийеттиң таяр емеслиги;
- Оқыў материалларының туўры келмеўи;
- Инклюзив оқыў орынларының кем қаржыланыўы;
- Мәмлекет тәрепинен ажратылған материаллық қоллап қуўатлаўды, оқыўшыға емес кәрханаға бағдарланғанлығы;
- Оқыў орынларындағы имканияты шекленген балаларды шетлетиўи;
- Өзгешелиги бар оқыўшыларға басқа балалар ҳәм ата-аналар қарсы болыўы.

Бул машқалалардың барлығын оқыў орынларында қалай шешиў керек?

**Жуўмақ.** Атап өтилген машқалалардың барлығы улыўма билим бериўши мектеплеринде инклюзияның раўажланыўына кесент етеди. Инклюзияның раўажланыўы ушын бирдей болған, комплексли болған бағдарламаны жаратып, барлық материал техникалық қураллар менен тәмийнлеў керек. Дефектолог, логопед, психолог, шыпакер ҳәм социал исшилер сыпатындағы жақсы қәнийгелерди бул тараўға тартыў шәрт. Сондайақ инклюзив тәлимди жақсылаў ушын төмендеги илажларды орынлаў керек:

- оқыўшылардың уқып ҳәм қәлеўин есапқа алыў;
- жақсы өзгешеликлерди есапқа алыў;
- ҳәр қыйлы методикалық оқытыўды қолланып оқытыў;
- бағдарламасын жақсылаў, педагог ҳәм оқыўшыларда толерантлықты қәлиплестириў;
- имканияты шекленген балаларды қоллап-қуўатлаў фондын дүзиў;
- оқыў орынларында пулсыз аўқатланыў, жеңилликлерин жаратып бериў.

**Әдебиятлар**

1. Марчибаева У.С., Токтарбаев Д.Г-С., Стоцкая Е.С., Сыздыкова С.Ж., Сидорова Р.В., Моисеева Н.А, Тунгышмуратова Л.С. Адаптивная физическая культура и спорт: Учебное пособие. –Нур-Султан: Евразийский Национальный университет им. Л.Н.Гумилева, 2019.
2. Евсеев С.П. Теория и организация адаптивного спорта. –Москва: «Спорт», 2016.
3. https://gov.uz/sport

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Қорақалпоғистонда инклюзив таълимни ривожлантириш масалалари ҳақида фикр юритилади. Хусусан, ОТМ ва умумтаълим мактабларида инклюзиянинг ривожланишига тўсқинлик қилувчи айрим муаммолар таҳлил қилинади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются вопросы развития инклюзивного образования в Каракалпакстане. В частности, будут проанализированы некоторые проблемы, препятствующие развитию инклюзии в вузах и обще-образовательных школах.

**SUMMARY.** The article discusses the development of inclusive education in Karakalpakstan. In particular, some problems hindering the development of inclusion in universities and general education schools will be analyzed.

## KITAPQUMARLÍQ MÁDENIYATÍN QÁLIPLESTIRIWGE QARATÍLǴAN KÓZQARASLAR

**Z.U.Ilyasova** – *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** kitobxonlik, mutolaa madaniyati, ta'lim, axborot madaniyati, innovatsion yondashuv, oila va maktab, raqamli axborot muhiti, o'quvchi, targ'ibot.

**Ключевые слова:** чтение, культура чтения, образование, информационная культура, инновационный подход, семья и школа, цифровая информационная среда, учащийся, популяризация.

**Key words:** reading, reading culture, education, information culture, innovative approach, family and school, digital information environment, student, promotion.

**Kirisiw.** Zamanagóy jámiyette kitapqumarlıq mádeniyatı insannıń intellektuallıq hám ruwxıy rawajlanıwında áhmiyetli orın iyeleydi. Xabar texnologiyalarınıń jedel rawajlanıwı sharayatında kitapqa bolǵan qızıǵıwshılıqtıń tómenlewi baqlanbaqta. Sol sebepli, kitapqumarlıq mádeniyatın qáliplestiriwdiń ilimiy-teoriyalıq tiykarların úyreniw hám ámeliy usınıslar islep shıǵıw búgingi kúnniń áhmiyetli máselesine aylanbaqta.

**Tiykarǵı bólim.** Kitap insannıń eń jaqın dostı hám másláhátshisi, bilim deregi bolıp esaplanadı. Kitap pikir júritiw quralı, ǵáziyneler gilti bolıp tabıladı. Onı qádirlew, húrmet etiw, asırap-abaylawımız kerek. Kitap oqıw, onıń mazmunın túsiniw, oǵan sińdirilgen mazmundı júrekten seziniw hám sol arqalı ruwxıy azıqqa iye bolıw bolıp tabıladı. Kitap oqıwshı hár qanday adam joqarı mánawiyatlı shaxs bolıwı múmkin.

Búgingi kúnde jámiyetimizde kitapqumarlıq máselesine úlken itibar berilmekte. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 13-sentyabrdegi PQ-3271-sanlı "Kitap ónimlerin basıp shıǵarıw hám tarqatıw sistemasın rawajlandırıw, kitap oqıw hám kitapqumarlıq mádeniyatın arttırıw hám úgit-násiyatlaw boyınsha kompleksli is-ilajlar baǵdarlaması haqqında"ǵı qararı buǵan anıq mısal bola aladı.

Usı qarar sheńberinde kitap ónimlerin basıp shıǵarıw hám tarqatıw sistemasın rawajlandırıw, kitap oqıw hám kitapqumarlıq mádeniyatın arttırıw hám úgit-násiyatlaw boyınsha kompleksli ilajlar baǵdarlaması tastıyıqlandı.

Usı qarardıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde barlıq mámleketlik hám mámleketlik emes shólkemler hám olardıń bólimlerinde qararda belgilengen wazıypalardı sheshiwge qaratılǵan ilajlar tiykarında rejeli hám maqsetli jumıslar jolǵa qoyıldı. Ásirese, mámleketimiz boylap "Jas kitapqumar shańaraq", "Jas kitapqumar" tańlawlarınıń jolǵa qoyılıwı hám jeńimpaz kitapqumarlar túrli sawǵalar menen sıylıqlanıwı buǵan mısal bola aladı.

Kitap – xabarlardı, ideyalardı, obrazlardı hám bilimlerdi saqlaw hám de tarqatıw, jámiyetlik-siyasiy, ilimiy, estetikalıq kóz-qaraslardı qáliplestiriw quralı, bilimlerdi úgit-násiyatlaw hám tárbiya quralı, kórkem, ilimiy shıǵarma, jámiyetlik ádebiyat bolıp esaplanadı. Xalıqaralıq statistikada YUNESKO usınısına muwapıq 48 betten kem bolmaǵan, dáwirlik emes basılımdı kitap dep ataw qabıl etilgen [1].

Kitapqumarlıq – bul insannıń óz ústinde islewi, iskerligin belgili baǵdarǵa burıw, sanasında belgili bir sezimlerdi, isenim hám kózqarastı payda etiw, onı oylawǵa, ómirde qalay jasawǵa pikir júrgiziwge úyretiw.

Shıǵısta ádep-ikramlılıq boyınsha ullı shıǵarmalar jaratqan Muhammed Jabalrudiydiń kitap haqqındaǵı tómendegi pikirlerine itibar qaratayıq: "Háy áziz! Adam ushın kitaptan qádirli hám jaǵımlıraq sáwbetles joq. Kitap sheshenlikte, er jetkenlikte, náziklikte teńi joq, eki júzlilikten azat joldas. Jalǵızlıqta hám qayǵılı kúnlerde jaqın dos. Onda alawızlıq ta, ókpede joq. Ol sonday sırlas, sózlerinde jalǵan hám qáte bolmaydı. Sáwbetinen bolsa adam zerikpeydi. Ol óz dostınıń kewlin awırtpaydı. Júregin bolsa qıspaydı. Ol sonday joldas, kisiniń artınan ósek aytıp júrmeydi. Onıń sáwbetinen saǵan sonday bereketli paydalar jetedi, bunday paydanı adamlardan taba almaysań. Kerisinshe, kópshilik adamlardıń sáwbetinen adamǵa zıyan jetedi. Kitaptay dos ishinde barlıq ilim "Kitap aqıl qorǵanı", degen hikmet jámlengen" [2].

Kitap barlıq mashqalalardı sheshiwge járdem beretuǵın kúsh bolıp tabıladı. Sonıń ushın da elimizde kitap penen tanıs bolǵan, kitaptı súygen, kitap jazǵan, kitaptı muqaddes bilip, qarashıǵınday saqlaǵanlardı zıyalı dep ataǵan.

Xosh, kitapqumarlıq mádeniyatı degende neni túsinemiz? Bular, pikirimizshe tómendegilerden ibarat:

- óziniń kásiplik-qánigelik hám kórkem-ruwxıy jetikligin arttırıw ushın kitaptı tańlay alıw hám ózi ushın zárúrin oqıw;
- kitap ústinde islew kónlikpesin jaqsı úyrenip alıw hám oǵan tereń ámel ete biliw;
- kitaptı óz betinshe oqıy biliw;
- oqıǵan kitaptıń tiykarǵı mazmunın talqılay biliw, onıń sıyqırlı dúnyasına kire biliw;
- oqıǵanlarınan turmıslıq juwmaqlar shıǵarıw;